# Qońırat rayonınıń oraylıq kóshesi asfaltlanbaqta

Qońırat rayonı orayınan ótiwshi 4N-36 avtomobil jolınıń ulıwma uzınlıǵı 11 km bolıp, rayonnıń bas kóshesi (Qaraqalpaqstan) esaplanadı. Aldın bir tárepleme háreketti támiynlewshi 2 polosalı 2 avtomobil jolına ajıratılǵan edi. Qońırat rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen avtomobil jolında kúndelikli ońlaw jumısları alıp barılıp, jol keńeytilmekte.

Image not found or type unknown

Bıyılǵı jılda 4R-173 avtomobil jolınan baslanıwshı 4N-36 Altınkól awılı-Qońırat DFX jónelisindegi 8-11 km. aralıǵında ońlaw jumısları alıp barılıwı rejelestirilgen, eni 7,5 m. hám 9 m. bolǵan eki avtomobil jolınan 6 polosalı eni 22 metrlik bir pútin jolǵa aylandırılıp atır.

Image not found or type unknown

Avtomobil jolı boyına lotok jatqarılıp, asfalt astı grunt, topıraq jumısları júrgizildi hám щeben tóseldi. Búgingi kúnde avtomobil jolınıń 10-11-km aralıǵında asfalt tósew jumısları alıp barılmaqta.

Qaraqalpaq Avtojol